



Pou Piblikasyon Imedya: 10/9/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SITWÈB DEPATMAN MOTÈ VEYIKIL AP RESEVWA YON PRIM NASYONAL

***Sitwèb ki adapte pou kliyan te anrejistre 5.5 Milyon Tranzaksyon ane pase; redwi konsiderableman tan datant***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke sitwèb Depatman Motè Veyikil Eta New York, [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov), te resevwa prim Pinnacle 2015 nan National Association of Government Web Professionals, [dezyèm akolad nasyonal](#). Li te resevwa ane sa a pou konsepsyon li, fasilite pou itilize, ak etandi sèvis yo. Depatman Motè Veyikil te genyen nan kategori eta ak òganizasyon non-gouvènmantal, epitou genyen yon chwa distenksyon manm.

"New York fyè pou li kontinye fè sitwèb DMV nou an vin pi bon ak pi pratik pase anvan, ekonomize chofè yo alafwa tan ak vwayaj nan DMV," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou pran avantaj nan sèvis ki fasil pou itilize ki disponib pou yo sou sitwèb la ki resevwa prim sa."

Yon gwoup pwofesyonèl web te jije [Prim Pinnacle](#) la ki anndedan ak deyò devlopman wèb gouvènman an. Yo jije chak sit lè yo itilize yon kritè nòt pou yon total 100 pwèn: gwosè ekip, kontni, òganizasyon, plan, pèfòmans ak fleksibilite, aksesibilite, standa, ak entè-aktivite.

Anplis, sitwèb DMV a, ki te [re-amenaje nan fevriye 2014](#), te [nome kòm youn nan pi bon sitwèb DMV](#) nan kòmansman ane sa pa [DMV.com](http://DMV.com), yon pòtal pou chofè ak enfòmasyon motè veyikil. Sèvis ki disponib yo gen ladan kòmman ranplasman lisans chofè, renouvle anrejistremant sou aparèy mobil yo, enskri pou resevwa lisans ak rapèl renouvèlman anrejistremant atravè imèl ak tèks, epi fè plis pase 35 lòt tranzaksyon.

Kliyan yo te konplete plis pase 5.5 milyon tranzaksyon sou sitwèb la ane pase, jiska apeprè 5 milyon nan 2013 ak 3.4 milyon nan 2010. Itiizasyon sitwèb la te ede diminye mwayèn tan datant nan biwo DMV yo nan tout eta. Si kliyan yo dwe fè yon vwayaj nan biwo DMV ke eta dirije, yo ka vizite [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov) pou [fè yon rezèvasyon](#). Anfèt, Nouyòkè yo gen plis pase [700,000 rezèvasyon](#) pou vizite biwo DMV yo depi yo te lanse sèvis la nan 2013.

Nan mas 2013, tan datant mwayèn nan biwo DMV eta dirije se te 72 minit. Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke nan mwa septanm 2014 tan datant mwayèn nan se te 30 minit. Tan datant yo te rete stab a apeprè 30 minit depi lè sa. Anplis, kyòs otomatik nan biwo DMV yo ap pèmèt kliyan yo konplete tranzaksyon ak liy derivasyon yo, ekonomize yo tan. DMV gen yon mwayèn plis pase 300,000 tranzaksyon nan kyòs sa yo pa ane.

Nouyòkè yo gen plis opòtinite pase anvan pou epaye yon vwayaj nan biwo DMV yo epi fè tranzaksyon yo sou entènèt. Nan jiyè 2015, the Gouvènè a te [anonse](#) ke Nouyòkè yo ka enprime yon lisans tanporè nan sitwèb DMV lè yap renouvle oswa ranplase lisans chofè yo, pèmi pou aprann kondwi, oswa kat idantifikasyon sou entènèt ki pa lisans. Yo ofri tou bay kliyan yo kapasite pou yo telechaje yon dokiman tanporè renouvle yon lisans oswa ranplase anrejistreman yo.

“DMV konprann kijan li pratik pou Nouyòkè yo konplete tout biznis enpòtan yo sou entènèt. Ekip nou an te ranfòse prezans sitwèb li e li kontinye ap amelyore sèvis ke nou te founi yo kidonk otomobilis yo ka fè bagay yo fasilman ak rapidman,” **te deklare Komisyònè Egzekitif Adjwen DMV Terri Egan**. “Prim sa ki byen merite ba nou opòtinite pou rekonèt tout manm pèsonèl la ki te fè tout sa ke yo te kapab pou reponn a bezwen piblik la. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou itilize sit nou an epi epaye yon vwayaj nan biwo a.”

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou DMV, [vizit sitwèb li a](#) epi [gade yon lis sèvis ki disponib sou entènèt](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418